




Latihan Ulangan Padinan

- A. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b utawa c minangka wangsulane sing paling bener!
1. Bima, Ari lan Rudi budhal sekolah bebarengan tandhane yen
a. rukun b. congkrah c. kekancan
 2. Ibune Rudi duka jalaran Rudi gawe
a. kabecikan b. kesalahan c. kabeneran
 3. Aku yen luput kudu nyuwun
a. disukani b. sapunten c. pangapura
 4. Yen ketemu Bu Guru wayah esuk ngaturake sugeng
a. enjing b. esuk c. kepanggih
 5. ... Pak, ngono mature Ari nalika ketemu Pak Hadi wingi sore.
a. sugeng dalu
b. sugeng sonten
c. sugeng kepanggih
 6. Wingi aku diparingi bebungah ibuku, aku matur
a. nyuwun b. sanget suwun c. nuwun
 7. Bu nyuwun ... kula mboten saged sowan.
a. pangapunten b. sepura c. pangapura
 8. Ibu nimbali masku mengkene ngendikane ... mrenea.
a. mas b. le c. cung
 9. Simbah putri tresna banget marang Nina mula yen nimbali
a. nina b. ning c. ndhuk
 10. Rudi diwenehi jajan dening Tono ngucapake
a. matur nuwun b. suwun ya c. sesuk maneh ya
 11. Bima teka ing sekolah telad matur gurune



- a. nyuwun pangapuntèn
 - b. nyuwun sewu
 - c. nyuwun didukani
12. Yen mertamu kudu ... dhisik.
- a. kula nyuwun
 - b. kula nuwun
 - c. kula tamu
13. Bulik lagi teka saka kantor Nina ngucap
- a. sugeng kondur
 - b. sugeng rawuh
 - c. sugeng dumugi
14. Nani mecahne gelas matur ibune ... bu.
- a. nyuwun sepuntèn
 - b. nyuwun pangapura
 - c. nyuwun pangapuntèn
15. Bapak lan ibu arep tindak aku ngucap
- a. sugeng kondur
 - b. sugeng tindak
 - c. sugeng rawuh

B. Isenana titik-titik ing ukara ngisor iki nganggo wangsulane sing bener!

1. Matur nuwun iki wedharan atur
2. Aku nyuwun pangapura wedharan panyuwunan
3. Le, ndhuk iki wedharan tumrap rasa
4. Aku kudu nyuwun ... yen nduweni kaluputan.
5. Yen liwat ngarepe pak guru utawa bu guru kudu nuwun

Catatan	Nilai	Paraf	
		Orang Tua	Guru